ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№110 (23.924) ● 2019 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 14, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Правительствэм

Узыншагъэр хъумэным пыщІа Іуэхухэр куэд мэхъу

КЪБР-м и Правительствэм и зи чэзу зэІуІэщІэм щытепсэлъыхьащ промышленностым, турист-рекреацэ комплексым, энергетикэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм нэгъуэщІ Іэнатіэхэм зегъэужьыныкІэ зэфІагъэкІэхэм. Зэлущіэр иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и премьер-министр Мусуков Алий.

ПСОМ ялуэ абы къызэхуэсахэм яригъэІыхуащ фокІадэм и 7-м КЪБР-м прокурору ягъуэва Хабаров Николай икІи Правительствэм хэтхэм я цІэкІэ хабзэхъумэ Іэнатіэм и унафэщІым зыпэрыува лэжьыгъэ мытынышым екъулІэныгъэхэр къыщихьыну.

2020 гъэм еух «КЪБР-м туризмэмрэ узыншагъэр зэфІэгъэувэжьыныкІэ и комплексым зегъэужьыныр» къэрал программэр зытещІыхьа пІалъэр. А документым хэплъэжри, зэхъуэкІыныгъэ пыухыкІахэр халъхьащ, абы хагъэхьэжащ Джылы-Су псы хущхъуэр къыщыщІэж щІыпІэм зегъэужьыным теухуа Іыхьэ.

2021 - 2025 гъэхэм ятещІыхьа апхуэдэ дыдэ къэрал программэм теухуауэ Правительствэм игъэхьэзыра унафэр къащтащ. Абы къыщыгъэлъэгъуа къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ республикэм къакІуэ туристхэм я бжыгъэр 2025 гъэм цыху мелуан 1,3-м нэгъэсыныр. Программэм къыщыльытащ турист-рекреацэ щыпанлъэхэм инфраструктурэр къэгъэщІэрэщІэжьныр, щыналъэм туризмэм и Іуэхущ1апІэхэм я зэфІэкІыр къэралым, абы и щыбкІэ щыпхъигъэкІыныр.

Правительствэм хэтхэм даІыгъащ КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и Кардиологие центрыр кардиологие диспансер щІыжьным теуха унафэм и проектыр. КЪБР-м узыншагъэр хъумэныкІэ и министр **Хъубий Марат** зэрыжиІамкІэ, абы и щхьэусыгъуэр «Кардиологие центр» терминыр Медицинэ Іуэхущ1апІэхэм ехьэлІауэ къызэрамыгъэсэбэпыжырщ. Абы къыдэкІуэу гу-лъэнтхуэ узэхэм ялэщІэтынымкІэ щыналъэ проектым къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, кардиологие центрым къыщызэрагъэпэщащу я мурадщ етІуанэ щыналъэ лъэнтхуэ центр. А проектыр ягъэзэщІэнущ Алмазов В. А. и цІэр зезыхьэ лъэпкъ медицинэ къэхутакІуэ центрым, гулъэнтхуэ хирургиемкІэ Бакулев А. Н. и цІэр зезыхьэ лъэпкъ медицинэ къэхутакІуэ центрым я нэІэм щІэту.

2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 19-м КЪБР-м и Правительствэм къыдигъэкІа унафэм халъхьащ «Узыншагъэр хъумэныр» лъэпкъ проектым икІи къэхутакІэ сабийхэм я узыншагъэр зэрахъумэр егъэфІэкІуэным теухуа федеральнэ проектыр гъэзэщІэныкІэ къэуВ Іуэхухэм езэгъын зэхъуэкІыныгъэхэр.

ЗэхъуэкІыныгъэ пыухыкІахэр ятеухуащ «КЪБР-м онкологие узыфэхэм щебэныныр» щыналъэ программэм. Ахэр хуэунэтІащ онкологие узыфэ япкърыту къалъыта сымаджэхэр гъэхъужыныр къызэрызэрагъэпэщым, узыфэр хэмыужьынэ щыкІэ къэхутэныкІэ лэжьыгъэхэр егъэфІэкІуэным, медицинэ дэІэпыкъуныгъэ лІэужьыгъуэ щхьэхуэхэм я фІагъыр къэІэтыным.

КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм, КЪБР-м ЦІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министерствэм иратащ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ псынщІэм папщІэ автомашинэхэмрэ школхэм папщІэ автобусхэмрэ къащэхуным теухуауэ УФ-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм иращыІэ къэрал контрактхэм республикэм и цІэкІэ Іэ щІэдзныныкІэ полномочиехэр. Автомашинэхэр республикэм и цІэкІэ къыІахьнущ ГъэвэгъуэхэмкІэ медицинэ центрым, КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм медицинэ дэІэпыкъуэгъу псынщІэм папщІэ субсидиехэр федеральнэ бюджетым къыхэкІыу КЪБР-м и бюджетым къыхуэуІыпщынымрэ теухуауэ УФ-м ЗыхъумэжьныгъэмкІэ и министерствэмрэ КЪБР-м и Правительствэмрэ зэращІыІа зэгурыІуэныгъэр.

Апхуэдэу Правительствэм хэтхэр арэзы техъуащ «Къэббалъкъгипс» ООО-м и лэжьыгъэр зэтегъэувэжьным хэплъэн папщІэ лэжьакІуэ гуп къызэгъэпэщыным теухуауэ КЪБР-м и Правительствэм игъэхьэзыра унафэм и проектым. 2015 гъэм и гъатхэпэм предприятэм хабзэ пыухыкІа щІагъэувауэ щытащ мылькур зэгъэзэхуэным теухуауэ, иужькІэ, 2018 гъэм фокІадэм и 18-м Іэнатіэм и лэжьыгъэр къызэтрагъэувыІащ.

Зэлущіэм зэхъуэкІыныгъэхэр щыхалъхьащ «КЪБР-м щыІэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэмрэ граждан жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэмрэ ядэлэжьэным», «КЪБР-м щыпсэухэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыныр, КЪБР-м хабзэншагъэхэр къэмыгъэхьуным хуэгъэзэа профилактикэ лэжьыгъэ щегъэкІуэкІныр, жылагъуэ хабзэмрэ жылагъуэ щынагъуэншагъэмрэ щыгъэбыдэныр», «КЪБР-м и щэнхабзэ» къэрал программэмэм.

Унафэ къащтащ мэкъумэш продукцэ къэзылэжьхэм къэрал дэІэпыкъуныгъэ етыным пыщІа ІуэхухэмкІэ Правительствэм и комиссэр зэбгрыгъэкІыжьным теухуауэ. Апхуэдэу я къалэнхэр зэрагъэзэщІам папщІэ зэбграгъэкІыжащ мэкъумэшым и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм зегъэужьыным пыщІауэ щыта комиссэ зыбжанэ. Абыхэм ятеухуауэ КЪБР-м и Правительствэм къыщытауэ щыта унафэхэм къару яІэжьхьым.

БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.

Республикэм и социально-экономикэ щытыкІэм теухуа зэІущІэ

● Дыгъуасэ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К.В. Правительствэм и унафэщІхэр хэту иригъэкІуэкІа зэІущІэр теухуауэ щытащ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и лъэныкъуэкІэ зэкІэ белджылы хъуа бжыгъэхэм янпкъ иткІэ къуэ къалэнхэм.

ІЭНАТІЭ щхьэхуэхэм хиубыдэу къащта программэхэр зэрагъэзащІэм, лъэпкъ проектхэм япъ иткІэ ягъэхьэзыра щІыналъэ программэхэр гъэзэщІэныкІэ министрхэм я кабинетым зэфІигъэкІым, проект нэхъыщхьэхэр нэхъ щІэгъэхуэбжьауэ гъэзэщІэным хуэгъэзауэ федеральнэ органхэм зэрадэлажьэм теухуа докладэр ящІащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков А. Т., КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Рахаев Б. М. сымэ.

Абыхэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, блэкІа мази 8-м республикэ бюджетым и хэхъуэхэр сом меларди 24-рэ мелуан 296-рэ мэхъу, нэгъабэ я апхуэдэ зэманым елъытауэ 2019 гъэм и щІышылъэщхьэуІу мазэхэм промышленностым и продукцэр проценти 103,8-м, мэкъумэш хозяйствэм и продукцэр проценти 105-м нэсащ.

Федеральнэ Іэнатіэм иращІыІа зэгурыІуэныгъэхэм янпкъ иткІэ лъэпкъ проектхэм я щІыналъэ Іыхьэу 44-рэ къащтащ. Ахэр ягъэзэщІэн папщІэ республикэр зыхуеину сом меларди 5-рэ мин 671-рэ къауТІыпщакІэщ.

«Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым зегъэужьыныр» къэрал программэм ипкъ иткІэ инвестицэ проекту 4 гъэзэщІэн яух, туризмэм, мэкъумэш хозяйствэм, инфраструктурэм екъэлІа инвестицэ проекту 6 УФ-м Кавказ Ищхьэрэм и ІуэхухэмкІэ и министерствэм щыпхыкІащ икІи ахэр къэрал программэм хагъэхьащ.

КЪБР-м и Правительствэм хуагъэуващ къэбуху графикэм тету предприятэхэр хьэзыр щІыныр къызэрагъэпэщыну, отраслевой зэгурыІуэныгъэщІэхэр гъэхьэзырыным теухуауэ властым и федеральнэ органхэм зэрадэлажьэр щІигъэхуэбжьэну, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм я Іэнатіэхэм хиубыдэ Іуэхущ1апІэхэу икІащІыпІэкІэ зэгъэпэщыжьын хуейкэр зыхуэфащэ планхэм хигъэхьэну.

А зэлущІэм апхуэдэу щыхэпльащ республикэ бюджетым и проектыр зэрагъэхьэзырым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2020 - 2022 гъэхэм ятещІыхьа и инвестицэ программэм хиубыдэ бжыгъэхэр зэрагъэтэмэмыжьым. Республикэм и унафэщІым къыхигъэщхьэкІащ финанс документ нэхъыщхьэм зэхущІэхэмкІэ и бжыгъэхэр къыщащтэкІэ абыхэм социальнэ унэтІныныгъэ яІэн зэрыхуейр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КЪБР-м и Правительствэм и зи чэзу зэІуІэщІэм щытепсэлъыхьащ промышленностым, турист-рекреацэ комплексым, энергетикэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм нэгъуэщІ Іэнатіэхэм зегъэужьыныкІэ зэфІагъэкІэхэм. Зэлущіэр иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и премьер-министр Мусуков Алий.

Кавказыр ирагъэцІыху

ФокІадэм и 9-м щегъэжьауэ Болгарием щокІуэкІ «Кавказ Ищхьэрэм и тхьэмахуэ зэхуаку» зыфІаща фестиваль-гъэлъэгъуэныгъэр.

УФ-мрэ а къэралымрэ къызэрагъэпэща турист-инвестицэ форумым и утыкур яГъэбжьыфІэ КИФЩІ-м хыхьэ хэгъэгухэм я уэрэджыІакІуэ, къэфакІуэ ансамблхэм хэтхэм. Мыбдежым бизнес-сессиехэр щокІуэкІ, лъэпкъхэм ижькІэрэ къадэгъуэгурыкІуэ Іэпэлэсагъэм, Іэпщ1эльапщ1агъэм я нэщэнэ гъуэзэджэхэр щагъэльагъуэ. Къищынэмыщ1ауэ, «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» АО-м хыхьэ «Іуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхуІным форумым къыщыщ1эхуэсахэм хьэхъ ящищІынущ Бахъсэн и псы-хъуащхьэхэмкІэ щыдиІэ щІыпІэ дахащэр гъэм и сыт хуэдэ зэманми турист кІуапІэу зэрыщытыр.

Дагъыстан Псыпуфэ курортым щызэхаубла Іуэхум Варнэ, Несебр, Бургас къалэхэри къыхьхьащ. ХьэщІэхэм бысымхэр щыгъуазэ ящІ Кавказ Ищхьэрэм хыхьэ хэгъэгухэм къадекІуэкІ щэнхабзэм, апхуэдэуи щыналъэм инвестицэ къыхалъхьэныкІэ ди зэфІэкІыр здынэсам.

«Мыпхуэдэ зэхьхьэхэр зэгъэнэгъу лъэпкъхэм я зэхущытыкІэхэр гъэбыдэным теухуа къэрал политикэм и зы Іыхьэщ. Псори щыгъуазэщ тхыдэ, щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэр экономикэ зэдэлэжьэныгъэм и лъабжьэу зэрыщытми», - къыхигъэщхьэхуКІащ УФ-м Кавказ Ищхьэрэм и ІуэхуэмкІэ и министрым и ялэ къуэдзэ Байсултанов Одес.

«Къэрал кІуэцІ, къэрал щІыб туризмэм зегъэужьынырщ ди къалэн нэхъыщхьэр. А лъэныкъуэмкІэ щхьэпэщ щэнхабзэмрэ спортымрэ я Іэнатіэхэри зэрыщытыщІэр. Дэ дыхьэзырыщ къытхуеблагъэкр ди бгы-лыжэ курортхэм, ди деж щызэрахьэ шхыныгъуэхэм, Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ телъыджэм хэдгъэгъуэзэну, - жиІащ «Кавказыр зэгъэлъагъуэ» фондым и унафэщІ Аристов Станислав.

ПОГРЕБНЯК Ольгэ.

Кавказ Ищхьэрэм и курортхэм гъэмахуэ кІуам зыщызыгъэпсэхуахэр нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 18-кІэ нэхъыбэщ.

КЪАПЩТЭМЭ, Іуащхьэмахуэ лъапэ Урысейм и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм, нэгъуэщІ къэралхэм щыщ туристу куэдым зыщагъэпсэхуащ. Армэхэм я зэпеуэхэм хэтын папщІэ абы щыІащ Белоруссием, Вьетнамым, Ираным, Кыргызыстым, Узбекистаным я лІыкІуэхэр. Ауэ нэхъыбэу мы щІыпІэм къакІуэхэр Краснодар крайм, Санкт-Петербург къалэм, Ростов областым, Ставрополь крайм щыщхэрщ, турист псоми я зэхуэдитІым щІигъур Москвэрэ Москва областымрэ къокІ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Ди деж къакІуэ туристхэм я бжыгъэм хохъуэ

● Болгарие

Дипломат ныбжьыщІэхэм папщІэ

Налшык дэт гимназие №4-мрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ зэгъусэу мы махуэхэм ирагъэкІуэкІащ «КъэкІуэным и дипломатхэр» езанэ щІэныгъэ-практикэ конференцыр. АбыкІэ хьыбар дигъэщІащ университетым и пресс-Іэнатіэм. Зэхуэсыр хуэгъэпсащ щІалэгъуалэм я утыку итыкІэр, я гупсысэхэр екІуу къызэрІуэтэфыр егъэфІэкІуэным, щІэныгъэ зэзыгъэуэт щІалэгъуалэм - школакІуэхэмрэ студентхэмрэ - яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэным, нэгъуэщІхэми.

● Егъэджэныгъэ

КОНФЕРЕНЦЫМ и лэжьыгъэм хэтащ урысей дипломатхэу **Егошкин Валерэрэ Къумахуэ Анатолэрэ**, Урысейм Художествэхэмкіэ и академием и академик **Иванов Николай**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, КЪБР-м и Правительствэм, республикэм щыІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, КъБКъУ-м и студентхэр, гимназием и дипломат классхэм щІэсхэр. Зэхуэсым и лэжьыгъэм пэублэ хуащІащ урысей къэрал, политикэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ, экономист, щІэныгъэлІ, дипломат Іэзэ Примаков Евгений и цІэр зезыхьэ пэщышхуэ еджапІэм къыщызэІуэныныр. Зыхуей-зыхуэфІэкІмкІэ къызэгъэпэща пэшым Іэмал псори щыІэщ дипломат классым щІэсхэр щеджэн папщІэ. Пэшым щІагъэуващ Примаковым и бюстыр. Ар гимназием тыгъэ къыхуищІащ скульптор икІи сурэтыщІ цІэрыІуэ Иванов Николай.

Урысей дипломатхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІым и къуэдзэ Егошкин Валерэ къызэхуэсахэм защыхуигъаззм къыхигъэщащ мыпхуэдэ зэхьхьэм хэтыну зэригуапэр, апхуэдэуи Примаковыр ищІыхуу, абы дэлэжьауэ, щапхъэ куэди трихьу зэрыщытыри жиІащ.

- ШколакІуэхэмрэ студентхэмрэ сохъуэхъу, дипломат лъэщ къахэкІыну, нэгъуэщІ къэралхэм щыпсэу я ныбжьыгъуэм дахэу ядэгъэгурыкІуэну, я гъащІэр купщІафІэу псэуну, - дыщІигъуащ абы. - Хамэ щІыхуэхэм ягурыІуэфыным, щытыкІэ гугъуэхэм ухуэзэрикІын хэкІыпІэхэр къэгъэузыфыным епхащ дипломат лэжьыгъэр. Ахэр фхулъэкІыну си гуапэщ.

Егошкиныр конференцым кьрихьэлІахэм къахуеджащ Урысей дипломатхэм я зэгухьэныгъэм абыхэм къахуигъэхьа Зэрызыхуагъаззм икІи кІэщІу тепсэлъыхьащ абы щекІуэкІ лэжьыгъэхэм. Абы щІалэгъуалэм ярита чэнджэщхэм ящыщщ бзэ куэд зрагъэщІэнри, творчествэм дихьэзыныр, гъащІэм и унэтІныныгъэ куэдым хащІыкІыным егупуныр. Егошкиным гимназием и библиотекэм тыгъэ хуищІащ дуней щыпсэу лъэпкъхэм я тауриухъэр щызэхуэхьэса тхьылъыбхуэр.

КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Рахаев Борис** луапэу тепсэлъыхьащ Примаков Евгений и гъащІэм. Абы гимназием и библиотекэм тыгъэ хуищІынущ Примаковым теухуа тхыгъэхэмрэ сурэтхэмрэ зэрыт, томитІ хъу тхылъ гъэщІэгъэныр.

- Шэч лъэпкъ къытесхьэркъым а дипломат цІэрыІуэм хэлъа гудзакъэм, зэфІэкІым, лЫгъэм хуэдэ къызыкъуэкІын куэд фэри къызэрыфхэтым. ЩапхъэфІхэр фи гъуэгугъэльагъуэу фыпсэу, - яжриІащ щІалэгъуалэм Рахаевым.

Дипломат Іэщ1агъэр къыхэзыха школакІуэхэмрэ студентхэмрэ псалъэ дахэ куэд жраІащ дзэ къулыкъум къыхэкІыжа генералхэм, адмиралхэм, офицерхэм я дунейпсо конфедерацэм и секретарь нэхъыщхьэ **Къумахуэ Анатолэ**, ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, философие щІэныгъэхэм я доктор, техникэ щІэныгъэхэм я кандидат, профессор **Хъурей Феликс**, КъБКъУ-м и Социально-гуманитар институтым и унафэщІ **Тэмазэ Муслъым** сымэ. Ахэр тепсэлъыхьащ Кавказ Ищхьэрэм и дипломатием къыкІуа гъуэгуанэм.

ХьэщІэ лъапІэхэм фІыщІэ яхуищІу конференцым къыщыпсэлъащ гимназием и унафэщІ **Нэгъуей Риммэ**. Абы зэрыжиІамкІэ, Примаковым и цІэр зезыхьэ пэшыр хухахьнущ дерс зэІухахэр щегъэкІэкІыным, дипломатием епха нэгъуэщІ зэхуэсхэр къыщыпсэпэщыным. Абы зэІущІэм щиІа докладыр теухуауэ щытащ дипломат классхэм егъэджэныгъэм щиубыд увыпІэм.

Гимназием щаубла щІэныгъэ-практикэ конференцым щыпащащ университетым. Зэхуэсым хэтахэр щыІащ КЪБКъУ-м Іуащхьэмахуэ лъапэ щиІэ еджапІэщІэныгъэ Іуэхущ1апІэм. Абыхэм зыщрагъэплъэхьащ республикэм и щІыпІэ дахэхэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Хэку Іуэху

Адыгэхэм я махуэм зыхуагъэхьэзыр

Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр зэрагъэлъэпІэнымрэ абы ехьэлІа Іуэхухэр зэрыдахынымрэ зи пщэ къыщыхуэ республикэ къыщызэпэщакІуэ гупым и зэІущІэ фокІадэм и 12-м Правительствэм и Унэм щызэхэтащ. Ар иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі Къуэдзокъуэ Мухьэмэдэ.

АДЫГЭХЭМ я махуэр 2019 гъэм зэрырагъэкІуэкІыну щыкІэм тепсэлъыхьащ КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зи чэзу зэхуэсыр абы ирихьэлІэу зэрызэхэтынум и гугъу ищІащ ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**.

КъызэгъэпэщакІуэ гупым хэтхэр арэзы техъуащ республикэ, щІыналъэ, къалэ дауэдащэхэм хэтынухэм, щрагъэжьауэкІыну щыІэхэм.

Махуэшхуэм ехьэлІа пшыхь нэхъыщхьэр фокІадэм и 19-м Налшык Къэрал музыкэ театрым щекІуэкІынущ. КЪБР-м и уэрэджыІакІуэ, къэфакІуэ нэхъ пажэхэр зыхэтыну концертым сихьэт 18-м щІидзэнущ. А махуэм ДАХ-м и Хасащхьэр зэхишэнущ, хамэ къэралхэмрэ хэгъэгу зэмылІэужьыгъуэхэмрэ къикІа хьэщІэхэр хэту.

Республикэ, щІыналъэ газетхэм фокІадэ мазэм кьриубыдэу къытрадзэ махуэшхуэм хуэгъэпса тхыгъэ купщІафІэхэр, апхуэдэу фокІадэм и 20-м ирихьэлІэу къыдэкІынущ «Адыгэ псалъэ» (КЪБР), «Адыгэ макъ» (АР), «Черкес хэку» (КъШР) газетхэм я номер зэхэтыр.

Фильмхэр, лекцэхэр, зэхьэзэхуэхэр щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм, къэрал Іуэхущ1апІэхэм щекІуэкІынущ мы махуэхэм, апхуэдэуи Адыгэхэм я махуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэ псоми Іэтауэ щагъэлъэпІэнущ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр экологие и лъэныкъуэкІэ Урысейм щыпашэхэм хохьэ

УФ-м Федерацэмкіэ и Советым къыщапщытэжащ «Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм я лъэпкъ экологие рейтинг» зэпеуэм кьрикІуахэр. «Патруль щхьэантІэ» жылагъуэ зэхуэсыгъэмрэ «Лъэпкъ экологие корпус» союзымрэ я экспертхэм хэІущІыІу ящІа бжыгъэхэм янпкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэуащ экологиемрэ дыкъзэыуэхуъреиль дунейр хъумэнымрэ я лъэныкъуэкІэ къэралым щыпашэ щІыналъэ 20-м.

Рейтингыр кьаБж щІыуэпсым, хьэуам, псыхэм я щытыкІэм, промышленностым кьиХь зэрранегъэм, нэгъуэщІ социальнэ экологие индекс зыбжанэм ятещІыхьауэ.

● ФIыщIэ

Апхуэдэхэрщ щапхъэ зытехыпхъэр

Сымаджэр лъэрытет зыщIыж, абы и узыншагъэр зыфIэзыгъэувэж, гуГъэ иритыжу гъащIэм хуезыгъэлпъэкIыж дохутырым сот хуэдэ фIыщIэри псалъэ гуапэри хуэфащэщ. Узым хъыкигъэзыхьа цIыхум, ТхьэМ нэмыщIкIэ, и гуГъапIэ псори зрипхыж халат хужь зыщыгъэращ. Ди закъуэкъым абы гу лъызытар, псоми жаIэ абыхэм я псалъэ къудейр сымаджэм и дежкIэ хущхьуэфIу. Абыхэм я нэгур зэлъыIухарэ гуапэу щепсалъэкIэ, сымаджэм гугъэр къыхохьэж. Ди гуапэ зэрыхъунщи, ди медицинэм и лэжьакIуэхэм апхуэдэхэр мымащIэу яхэтщ. Абыхэм ящыщщ ди фIыщIэ тхыгъэр зытеухуахэри.

ИДЖЫБЛАГЪэ сэ сыщIэлъащ Налшык къалэ дэт клиникэ сымаджэщ №1-м лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ и къудамэм. Зи Iэщ1агъэм фIыуэ хэзыщIыкI, гурэ псэкIэ зи лэжьыгъэр езыхьэкI гупщ мыбы и лэжьакIуэхэр. Ар нэрылъагъу пщащI абыхэм я Iуэху зехьэкIэм, дэтхэнэ сымаджэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуагъэуэтыфу, я псалъэ дахэхэмкIэ гукъыдэж къуатыжыфу зэрыщытым. Шэч хэлъкъым, апхуэдэ зэхэтыкIэр къудамэм и унафэщI Чып Динарэ куэдкIэ зэрифIыгъэм. А бзылъхугъэр зыхэт гупми сымаджэхэми пщIэшхуэ зыхуащI цIыхущ.

Сэ къызэIэза невролог Бицу Еленэ и Iэзагъым къыдэкIуэу, дохутырым хэлъын хуей хьэл нэхъыщщхьэхэр - гумащIагъэр, щабагъэр, гуапагъэр - къебгкIыу апхуэдэщ. Си нэгу щIэкIащ абы щIэныгъэ куу зэрыбгъэдэлъри сымаджэм и узыр тэмэму къихутэу зыхуэныкъуэ дэIепыкъуныгъэр и чэзум зэрыригъэгъуэтыфри.

КъыхэзгъэщIну сыхуейт я лэжьыгъэр тэмэму езыхьэкI, сымаджэхэм гуапэу яхущыт медсестрэхуэ Жазаевэ ФатIимэ, Кадыровэ Маржан, Жылокъуэ Заринэ, Хьэмырзэ Эльвирэ, Хьэгъэжей Фаинэ, Кучмезовэ Заринэ, Iэпхъапэкъыр зышытIэ Доткъул Сэтэжей, ЛФК-мкIэ Iэщ1агъэлI Хьэмыкъуэ Залинэ сымэ. Ахэр псори зыпэрыт Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI, Iэзагъыщхуэ зыбгъэдэлъ лэжьакIуэхэщ.

Апхуэдэу си тхыгъэм къыщыхэзгъэщIну сыхуейт Налшык къалэ дт поликлиникэ №1-м и неврологхэу Уэрэзэй Лилие, Дадэ Лианэ, медсестра Балъкъэзы Таисэ сымэ. Си узыншагъэм щыкIэлъызгъэплъыр мы Iуэхущ1эIэращи, сытым дежи гуапэу къыпIущIэрэ, уи Iуэхур пхуэзэIа-гъэкIыу, уи щытыкIэм къытегуэвыхьу, зэрыхъыкIэ дэIепыкъэгъу къыпхуэхъуу апхуэдэхэщ.

КъыздэIэпыкъуэ гупым сохъуэхъу я зэфIэкIым хэхъуэу, я лэжьыгъэм и хъер ялъагъуэу, езыхэр зи плъыр узыншагъэм щымыщIэу, гуфIэгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ яIэу псэуну.

ДАДЭ Исраил.

● ТхылъыщIэ

Бзэм и псалъэхэм я къэхъукIэр

Иджыблагъэ дунейм къытехьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь, филологие щIэныгъэхэм я кандидат Жыльэтэж Хьэжьысмел и «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и жылагъуэ политикэ лексикэр» тхылъыр.

КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ зэхэхауэ щыгъэпкърыхащ къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и жылагъуэ-политикэ лексикэр зэрызэхэтымрэ зэрызэфIэувамрэ. Ар къыгуэхьпIэ имыIэу епхащ жылагъуэм лъэхъэнэ зэхуэмыдэжм къыщыхъуа зэхуэхьэкIыныгъэхэм, абы и зыужьныгъэм.

Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и жылагъуэ-политикэ лексикэр зэхэтщ езы бзэм къигъэщIыжарэ нэгъуэщI лъэпкъхэм ейуэ къищта псалъэхэу. Бзэм и псалъалъэм нэхъыбзу къыхэзыгъахъуэри нэгъуэщIыбзэм къыхэкIахэрщ. Апхуэдэу къэбэрдей-шэрджэсыбзэм урыс, хьэрыпл, тырку псалъэ куэдым дыщрохьэпIа. Ахэр ди бзэм къыхьхьащ лъэхъэнэ зэхуэмыдэжм. Псалъэм папщIэ, Октябрь революцэм ипэкIэ адыгэбзэм къищтащ хьэрпл-тырку псалъэ куэд, а лъэхъэнэм иужькIэ урысыбзэм нэхъыбзу ижь къыщIиху хъуащ. Апхуэдэу щытми, тхылъыр зи IэдакъэщIэкIым къыхегъэщ нэгъуэщIыбзэм къыхэкIа псалъэхэм я тхыкIэр хабзэ щхьэхуэм тету зэрыщымытыр икIи литературэбзэм адэжкIэ зиужьынымкIэ ар зэран зэрыхъунур. Абы и жыпхъэр убзыхуным и чэзур псаоуи къельытэ.

- Бзэм игъуэт зэхъуэкIыныгъэр зыхуэдэр нэгъэсауэ къызыгащIэр лексикэрщ. Абы зэпыу имыIэу зыгуэрхэр щокIуэкI. Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и лексикэм нэхъыбзу зэхуэкIыныгъэ хэзылъхьэр иджырей жылагъуэ-политикэ гъащIэрщ. Абы къыхэкIыуи ди бзэм и зыужьныгъэм лексикэм уэвыпIэ щхьэхуэ щеубыд. КъызэрыдгъажмкIэ, иджырей къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и жылагъуэ-политикэ лексикэм псалъэ 1000-м щIегъу. XX лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм Урысейм и жылагъуэ политикэ гъащIэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэшхуэхэм ди псалъалъэм щIэ куэд къыхихгъэхащ. Ауэ абыхэм ехьэлIа Iуэхугъуэ куэд кьоув. Къапщтэмэ, къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и жылагъуэ-политикэ лексикэм и иджырей щытыкIэр, абы адэкIэ игъуэтыну зыужьныгъэр тэмэму къэхута хъуакъым. Ауэ мы лэжьыгъэр къыщIетхъэжьам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэри, - щыжеIэ тхылъым и пэублэ псалъэм Жэлэтэж Хьэжьысмел.

Лэжьыгъэр щагъэхъэзырым къагъэсэбэпащ урысыбзэкIи адыгэбзэкIи дунейм къытехьа къыдэкIыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр: газетхэр, журналхэр, художественнэ тхыгъэхэр, парт, къэрал дэфтэрхэр, псалъалъэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Из.

● Атлетикэ псынщIэ

Пашэныгъэр иутIыпщыркъым

Брюссель къалэм щызэхэтащ «Бриллиантовая лига» - «Кубок Ванн Дамма» атлетикэ псынщIэмкIэ зэхьэзэхуэхэм я кIэух зэпеуэхэр. Абы хэтащ лъагэу дэлъеиныжмкIэ пIэнейрэ дунейпсо чемпион Ласицкене Марие.

ДИ ЛЪАХЭГЪУМ псоми иджыри зэ наIуэ ящищIащ хэт нэхъ лъэщми. Сантиметри 199-м щхьэпрыпу пашэ хъуа Ласицкене щэнейрэ пэрыхьащ сантиметр 204-м елъэну, арщхьэкIэ къехъулIакъым. Абы къыкIэлъокIуэ украин спортсменкэ Левченко Юлие (сантиметри 197-рэ). Бельгием щыщ дунейпсо, Олимп чемпионкэ Тиам Нафисэт ещанэщ (сантиметри 195-рэ). Ласицкене Марие «Бриллиантовая лига»-м иджы еплIанэу щытекIуащ. Псори зэхэту ди лъахэгъум зэхьэзэхуэм и Iыхьэ 24-м пашэныгъэр щиубыдащ. Лъагэу дэлъеиныжмкIэ спортсменхэм апхуэдэ ехъулIэныгъэ зыми иджыри къызэдэсыи зыIэригъэхьэфакъым.

Мы зэхьэзэхуэ лъэхъэнэр зэрыщIидзэрэ Ласицкене урысей, дунейпсо зэхьэзэхуэшхуэхэу 10-м хэтащ, и хьэрхуэрэгъуэхэм зы дыщэ медали яритакъым. НобэкIэ Марие дунейпсо рейтингым пашэныгъэр щиIыгъащ. Абы и рекордщ метри 2-рэ сантиметри 6-рэ лъагагъыр.

МЭЗКУУ Къанщобий.

● Энергетикэ

Илъэс 55-рэ зи ныбжь кIапсэхэр зэрахъуэкI

1964 гъэм Балъкъэр Ипщэ къуажэм илъэльуи щаукъуэдиныуэ щыта электрокIапсэхэр мы зэманым зэрехьуэкI «Урысей сетхэр - Кавказ Ищхъэрэ» компаниемкIэ хьыхь «Къэббалъкъэнерго» щыдамэм. Псори зэхэту километри 9-м нэблагъэ я кIыхьагъщ уэздыгъэ кIапсэхэм.

IэщIагъэлIхэм я лэжьыгъэр хуэгъэзащ къуажэм ипщэкIэ, километри 8-кIэ пыIудзауэ щаухуэ гидроэлектростанцищIэм къытыну электрокъарур а жылэм къыпхыкIыу «Къэщхъэтау» подстанцым лъэгъэIэсыным.

Махуэ зыбжанэ хъуауэ Iэщ1агъэлIхэм мы щIыпIэм щрагъэкIуэкI киловольти 110-рэ зи лъэщагъ «Къэщхъэтау» подстанцым къыщыщIэщ Балъкъэр Ипщэ МГЭС-м и ззэыгъэзахуэ ухуэныгъэ зэIухам нэс щаукъуэдин ВЛ-10 кВ кIапсэхэм я зэпыдзанIэр зыхуэй хуэгъэзэным ехьэлIа лэжьыгъэхэр.

Абы къыхэкIыу, Балъкъэр Ипщэ къуажэм дэсхэм нэхъыбэрэ, Бабугент жылэм щыпсэухэм загъуэ-загъуэрэ электрокъару щаIэрымыхьэ кхуэхъу. А Iуэхум нэхъ пасэу егупсыса энергетикхэм цIыкухэм и чэзум зыхуагъэзащ, пIалъэгуэркIэ зыIууэну зэкIэлъымыкIуагъэхэр абыхэм зыхуагъэшэчыну щIэлъэIуу икIи, кърахьэжьа лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIмэ, а къуажэхэм дэсхэм электричествэр кьаззэрыIэрыхьэм и фIагъым зэрыхэхъуэнри кьыхагъэщ.

ГУЗЕЕВЭ Индирэ.

● Iуэху щхьэпэ

Гъэмахуэ мазэхэм къриубыдэу

Связым, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм я Iэнатlэхэм щыкIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм гулыгъэшхуэ хуещI цIыху щхьэхуэхэм ехьэлIа хъыбархэр хъумэнымкIэ щыIэ хуитынымкIэ щыIэныр.

КЪАПЩТЭМэ, гъэмахуэ мазищым къриубыдэу федеральнэ къулыкъущIапIэм и къудамэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэхэм я лэжьакIуэхэм цIыхухэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэным хуэгъэзэа Iуэхуу 64-рэ ирагъэкIуэкIащ икIи абыхэм хэтащ ныбжьыщIэ мин 13,7-рэ. Лекцэхэр щыщIэзэрагъэпэщащ узынщагъэр щрагъэфIакIуэу гъэмахуэ лагерхэм, школакIуэхэм, махуэм зыщагъэпсэху лагерхэм, щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт центрхэм. Апхуэдэу цIыху щхьэхуэхэм ехьэлIа хъыбархэр хъумэнымкIэ хуитынымкIэхэм ятеуха лэжьыгъэ пыухыкIахэр зэщIыгъуу зэфIагъэкIащ Связым, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм я Iэнатlэхэм щыкIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Iэщ1агъэлIхэмрэ ШколакIуэхэм я урысейпсо зэщIэхъеенныгъэмрэ.

ЦIыху щхьэхуэхэм ехьэлIа хъыбархэмкIэ субъектхэм я хуитынымкIэхэр хъумэнымкIэ полномочиехэр зыбгъэдэлъ органу зэрыщытым кьыхэкIыу, федеральнэ къулыкъущIапIэм, абы и щIыналъэ Iуэхущ1апIэхэм зэIущIэ зэмылIэужьныгъуэхэр кьыщызэрагъэпэщ Iэнатlэр зытелажьэ хуитынымкIэхэр зэрахъумэ щыкIэм цIыхухэр щагъуаз щIыным хуэгъэзауэ. Ведомствэр щIалэгъуалэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм жыджэру ядолажьэ. Абы и лъэныкъуэкIэ дэIепыкъуэгъушхуэщ уполномоченнэ органым деж щыIэ и чэнджэщагъуэ советым и щIалэгъуалэ палатэр. Абы хэхъэ вузхэмрэ властым и федеральнэ органхэмрэ я деж щыIэ студент зэгухьэныгъэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр.

ЩIалэгъуалэм зэрадэлажьэм кьыдэкIуэу уполномоченнэ органым щIэхщIэхьыпрэ кьыззэрегъэпэщ цIыху щхьэхуэм ехьэлIа хъыбархэм елэжь операторхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ курсхэр.

БОЧАРОВ Юрий.

Связым, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм я Iэнатlэм щыкIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщI.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Кавказым и щIыуэпс телъыджэр

Сурэтыщ гъуэджэмкIэ музейм фокIадэм и 16 - 29-хэм щекIуэкIынущ Дагъыстэнымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я сурэтыщIхэм я Iэдакъэщ1экI гъэщIэгъуэнхэр щызэхуэхьэса «Кавказым и щIыуэпсыр» гъэлъэгъуэныгъэр.

РАН-м и член-корреспондент Тембот Аслъэнбий и цIэр зезыхьэ школыр илъэс 30 зэрырикъум, бгыльэ щIыпIэхэм я щIыуэпсым и институтыр илъэс 25-рэ зэрырикъум я щIыхькIэ къызэрагъэпэща VII Урысейпсо конференцым хеубыдэ мы выставкэри.

Сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэмрэ конференцымрэ зыр адрейм пащзу гъэщIэгъуэну зэподжэж.

ЩIыуэпсым и сурэтыщIхэм кьалэныщхуэ я пщэ къыдохуэ. Абыхэм цIыхухэм зэрыщытыр щIыуэпсыр хъумэным и мыхьэнэр зэрыльагэр, абы гуузыныуэ хуиIэн зэрыхуейр. ЩIыуэпсыр хъумэнымкIэ цIыхум и къару илъымрэ абы игъэзащIэ кьалэнымрэ щынэIурытщ а теплъэгъуэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыпсэухэмрэ щыхьащIэхэмрэ «Кавказым и щIыуэпсыр» гъэлъэгъуэныгъэм фыдогъэблагъэ.



● Гу зытъытапхъэ

«ЦIыхубэ участковэ» зэпеуэр йокIуэкI

ФокIадэм и 11-м яублащ Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм иригъэкIуэкI «ЦIыхубэ участковэ» урысейпсо зэпеуэр. Ар хуэгъэзащ цIыхуэхэм полицэм и лэжьакIуэхэм къыхуащI дзыхьым, а Iэщ1агъэм и пщIэм хэхъуэным, полицэм и участковэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэм и мыхьэнэр жылагъуэм къагурыгъэIуэным. Зэпеуэм и дэтхэнэ Iыхьэми нэхъыфIыр къыщыхах цIыхуэхэм я онлайн-Iэ1этым кърикIуэхэмкIэ. Гупым зыщI дэтхэнэми къыхих хъунущ полицэм и участковэ уполномоченнэ щIэм хуэфащэу лажьэу къилъытэр.

ЗЭПЕУЭР Iыхьищу гуэшащ. Япэ Iыхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щокIуэкI.

«ЦIыхубэ участковэ» цIэм щIэбэныныхэр зэзыгъэцIыхуну хуейхэм папщIэ КъБР-м щыIэ МВД-м и официальнэ Интернет-сайтым итщ зэпеуэм и япэ Iыхьэм хэтынухэм ятеуха хъыбар.

Зэпеуэм и япэ Iыхьэм теуха онлайн-Iэ1этыр екIуэкIынущ мы гъэм **фокIадэм и 11-м къыщыщIэдзауэ и 20-м нэсыху**. Абы наIуэ къыщIынущ кIэух Iыхьэм хэтынухэр. (КъБР-м щыIэ МВД-м и район къудамэхэм ящыщу зырыз). Ахэр «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ участковэ» цIэм щIэбэныныщ, адэкIэ республикэм и цIэкIэ къэралпсо зэпеуэм и кIэух Iыхьэм хэтынущ.

Зэпеуэм къыхэжаныкIахэр ягъэлъапIэнущ Полицэм и участковэ уполномоченнэм и махуэм ирихьэлIэу.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «ЦIыхубэ участковэ» урысейпсо зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкIуэкI 2011 гъэ лъандэрэ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Мы махуэхэм

ФокIадэм и 14, *щэбэт*

♦Яп э медицинэ дэIепыкъуныгъэ абы хуэныкъуэм етыным и дунейпсо махуэщ

♦Украинэм щагъэлъапIэ физкультурэмрэ спортымрэ я махуэр

♦1812 гъэм мафIэсышхуэм зэщIищта Москва дыхьащ Наполеон и дзэр. Ар бийм зауэншэу иратыну зэгурыIуат, кьалэри дзэри хъума хъун папщIэ.

♦1829 гъэм Урысейм рэ Тыркумрэ Iэ градзащ Адрианополь мамырыгъэ зэгурыIуныгъэм.

♦1853 гъэм Тыркум Урысейм зэуэ кьрищIылIащ. Кьрым зауэм щIидзащ.

♦1886 гъэм США-м щыщ Андерсон Джордж зэрыбкIэ зэрыградзэ машинкэм далъхьэ щIэтхыкIыр кьызэрригупсысам щыхьэт текъуэ тхылъ хэращ.

♦1896 гъэм Санкт-Петербург телеграф агентствэм лэжьэн щIидзащ.

♦1911 гъэм Киев дэт Оперэ театрым кIэрахъуэкIэ щаукIыну хэтащ Урысейм и Министрэхэм я Советым и унафэщI Столыпин Пётр. Абдеж кьыщыхтэуа уIэгъэхэм ар илыкIащ фокIадэм и 18-м.

♦1917 гъэм ПIалъэкIэ лажьэ Правительствэм Урысейр Республикэу зэгурыкIуэ хIыуцIыу ищIащ.

♦1936 гъэм Быковэ аэропортым лэжьэн щIидзащ - цIыху къезышэкI кьхъухьлатэхэр пIалъэ хэхам тету телъэтыкIыу зэтраублащ.

♦1960 гъэм ЦIыдагъэ зыщэ къэралхэм я зэгухьэныгъэр (ОПЕК) кьызэрагъэпэщащ. Абы хьыкащ Иракыр, Иранырэ, Кувейтыр, Сауд Хьэрыпыр, Венесуэлэр.

♦1973 гъэм Кьалэ-лIыхъужь цIэр фIащащ Новороссийскрэ Кьэрчэ.

♦2003 гъэм Эстониер Европэ зэгухьэныгъэм хьыхащ.

♦Генерал-майор, КъуэкIыпIэ Жыжьэм пащтыхьым щиIа армэм и командующэу щыта **Хьэгъундокъуэ Едыдж** кьызэралъхурэ илъэси 148-рэ ирокъу.

♦Академик, СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием Математикэмкlэ и институтым и унафэщIу щыта, Социалист Лэжьыгъэм тIэнейрэ и Лыхъужь, Сталиным, Лениным и цIэхэр зезыхьэ саугъэтхэр, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащэ **Виноградов Иван** кьызэралъхурэ илъэси 128-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс тхакIуэ **Хьыту Сайдин** кьызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦Теленэтынхэр езыгъэкIуэкI, СССР-м и цIыхубэ артист **Кириллов Игорь** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Хьэрычэтыщ1э, политик, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэу щыта **Дер Станислав** кьызэралъхурэ илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Щоджэн Бетlал** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат, потребкооперацэм щыхурагъаджэу Белгород дэт университетым Налшык щиIэ къудамэм и егъэджакIуэу щыта **Хьэфыщ1э Эльмирэ** кьызалъхуа махуэщ.

♦2008 – 2012 гъэхэм УФ-м и Президенту щыта, 2012 гъэ лъандэрэ къэралым и Правительствэм и Унафэщ1 **Медведев Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

♦Франджым щыщ биатлонист щIэрыIуэ, Олимп Джэгухэм тIэунейрэ я чемпион, Олимпиадэхэм дыжьын медалитI кьыщызыхьа, дунейм хэнейрэ и чемпион **Фуркад Мартен** и ныбжьыр илъэс 31-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 – 24-рэ, жэщым градус 11 – 13 щыхъунущ.

ФокIадэм и 15, *тхьэмахуэ*

♦Демократием и дунейпсо махуэщ. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм кьыщта унафэм икIи иткIэ ягъэуващ, 2007 гъэ лъандэрэ ягъэлъапIэ.

♦Дагъыстаным щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

♦Къззахстаным щагъэлъапIэ Анэм и махуэр

♦Беларусь Республикэм и библиотекэхэм я махуэщ

♦Азербайджаным щагъэлъапIэ ЩIэныгъэхэм я махуэр

♦1821 гъэм Испание империем кьыхэкIащ Гватемалэ, Гондурас, Коста-Рикэ, Никарагуа, Сальвадор республикэхэр. ФокIадэм и 15-м а къэралхэм щагъэлъапIэ я щхьэхуитныгъэм и махуэр

♦1830 гъэм Инджылызым кьыщыхэзгъахащ Ливерпуль, Манчестер къалэхэр зэпызыщIа, бахьэкIэ лажьэ мафIэгухэр зытетыну япэ гъущI гъэзыгр.

♦1916 гъэм, Япэ дунейпсо зауэр екIуэкIыу, Франджым щыIэ Соммэ псым деж инджылызыдзэхэм япэ дыдэу танкхэр кьыщагъэсэбэпащ.

♦1921 гъэм ЦIыхубэ Комиссархэм я Советым кьыщтащ сабийхэм я узыншагъэр хъумэным теухуа унафэ.

♦1932 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутыр кьызэIуахащ.

♦1946 гъэм Болгариер ЦIыхубэ Республикэ хъуащ

♦1956 гъэм дунейм щыяпэу Аэрофлотым къигъэсэбэну щIидзащ цIыхуэхэр зэкIэзырашэкI «Ту-104» кхъухьлъатэ лъэщыр.

♦1971 гъэм щIыуэпсыр хъумэным хуэлажьэ «Гринпис» зэгухьэныгъэр кьызэрагъэпэщащ.

♦2000 гъэм Австралием и кьалэ Сидней кьыщызэIуахащ XXVII гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Адыгэ лъэпкъым тхуэмэхуащ ар - алыдж-урым бэнэкIэмкIэ абы чемпион щыхъуауэ щытащ Кьардэн Мурат.

♦Инджылыз тхакIуэ, детектив роман куэд зи къалэмыпэм кьыщIэкIа **Кристи Агатэ** кьызэралъхурэ илъэси 129-рэ ирокъу.

♦Философие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта **Цокыл Борис** кьызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ-уэрэдус, УФ-м и цIыхубэ артист **Танич Михаил** кьызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, СССР-м и цIыхубэ артист **Лавров Кирилл** кьызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, критик, литературовед, КъБКъУ-м и доцент **Къэжэр Хьэмид** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦ЕгъэдакIуэ, зэдзэкIакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Хъуажь Фахьри** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс усакIуэ, журналист **Пхъэш МуIэед** кьызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу.

♦КъШР-м и къэрал кулыкъущIэ **Дохъушокъуэ Зураб** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, тхакIуэ, драматург **Лыкъуэжь Нелли** кьыщалъхуа махуэщ.

♦КъШР-м и Правительствэм и УнафэщIу щыта **Кьардэн Мурат** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 – 23-рэ, жэщым градус 12 - 15 щыхъунущ.

ФокIадэм и 16, *блыщхьэ*

♦ЩIым и озон къатыр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦КъыргъызстанымкIэ ЩIыгъэщIэ зэхуэмыдэныныкIэ и Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦Мексикэм и щхьэхуитныгъэм и махуэщ

♦Японием щагъэлъапIэ зи ныбжь хэкIуэтахэм пщIэ яхуэщIыным и махуэр

♦1380 гъэм урысыдзэхэр Куликовэ щIыпIэм деж Мамай хъаным и дзэхэм щатекIуащ.

♦1810 гъэм Мексикэр къэрал щхьэхуит хъуащ - ар Испанием кьызэрыкIыж1ыр теухуа унафэ кьащтащ.

♦1918 гъэм Бэракъ ПлъыжькI орденыр кьащтащ.

♦1931 гъэм Москва Гуащэхэм я къэрал академическэ театр кьыщызэIуахащ. Театрым зэрехьэ абы и кьызэрагъэпэщакIуэ, илъэс куэдкIэ и унафэщIу щыта, СССР-м и цIыхубэ артист Образцов Сергей и цIэр.

♦1943 гъэм советыдзэхэм Новороссийск къалэр фашистхэм кьыIэщIагъэкIыжащ.

♦1944 гъэм Налшык кьыщызэIуахащ республикэм и дохутырхэм я съезд.

♦1976 гъэм Ереван псы хъуманIэм хэхуа троллейбусым исахэм ящыщу цIыху 20-м цIигъу кьригъэлащ псы щIагъым щесыныжмкIэ дунейпсо чемпион мызэ-мытIэу хъуауэ щыта Каратетян Шаварш.

♦Урыс дзэпщ, генерал-фельдмаршал **Кутузов Михаил** (и унэщIэ дыдэр **Голенищев-Кутузовщ**) кьызэралъхурэ илъэс 274-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, адыгэхэм я къекIуэкIыкIар зыджа, ЩIДАА-м и академик **Куценкэ Игорь** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Кокшенов Михаил** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Теленэтынхэр езыгъэкIуэкI, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Вовк Ангелинэ** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦АбазэХасэм и тхьэмадэ, КъШР-м и ЦIыхубэ Зэхуэсым и депутату щыта **Шенкао Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цIыхубэ артист **Петросян Евгений** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Къэрал, политикэ лэжьакIуэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь, Урысейм и вице-президенту щыта, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, дзэ щIэныгъэхэм я кандидат, профессор **Руцкой Александр** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Ащхъэт Олег** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ киноактёр цIэрыIуэ **Рурк Микки** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ иллюзионист, игъэлъагъуэ мэгъу кьарумкIэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа **Копперфильд** (и унэщIэ дыдэр **Коткинщ**) **Дэвид** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 – 24-рэ, жэщым градус 14 – 15 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Благъэ хъумэнрэ ху жылэ хъумэнрэ зэхуэдэщ.

« Уафэм и IункIыбзэ »

● Фэеплъ

Совет Союзым и Лыхъужь Къанкъуэщ Ахьмэдхъан хъызэралъхурэ илъэси 105-рэ зэрырикъум ирихьэлIэу, «Къэбэрдей-Балъкъэр» телевиденэм и редактор, «Нюр» журналым и редактор нэхъыщхьэ Сабанчиевэ Арипарэ режиссёр Абыдэ Динэрэ траха фильмым теухуа пшыхь Тэрч къалэ щекIуэкIащ. «Ключи от неба» фильмым къеIуэтэж къуэхьлъатэзехуэ хахуэ Къанкъуэщ Ахьмэдхъан и гъащIэ гъуэгур.

ПШЫХЬМ кърихьэлIащ Къанкъуэщ лъэпкъым и лЫкIуэхэр, Тэрч щIыналъэм, кьалэ администрацэхэм я лэжьакIуэхэр, ветеранхэр, журналистхэр, кадетхэр, школакIуэхэр.

- Нобэ мы пшыхьым хэтхэм пщIэлей дгъуэтауэ жыпIэ хъунущ, лЫхъужьым теуха фильмым псом япэ дызэреплъыр къэплъытэмэ. Къанкъуэщ Ахьмэдхъан лЫхъужь нэсу зэрыщытам щыхьэт техъуэ абы и письмо зыбжанэ сыкъгъэзджащ иджыблагъэ. Гу хуабагъэ, гулъытэ гъунэнсю, псэ Iэфлагъ щIэлъу зауэ губГъуэм абы къритхыкIа сатырхэр яхуэгъэзат и унагъуэм, ныбжьэгъухэм, ныхужагъуэхэм. Мы фильмыр тезыха Сабанчиевэ Арипа мыбы нэмыщI и лэжьыгъэ зыбжанэ сыщигъуазэщи, быдзу си фIэщ мэхъу нобэ дызэплъынырри дгру зэрыдыхьэнур. Мыбдеж фхурихьэлIа дэтхэнэми псом япэ фIыщIэ яхуэтщIын хуейуэ си гугъэщ Къанкъуэщэ я лъэпкъым - апхуэдэ лЫхъужь къыпхэкIыну сыт и уасэ! Сэ гу лЫыстащ Къанкъуэщэ я щIэблэр лЫхъужьым и щапхъэм зэрыщIапIыкIым, абыи сигу хегъахъуэ. Фильмыр тезыхахэм я арэзыныгъэ хэлъу, районым и школхэм ар щыдгъэлъэгъуэну ди гугъэщ, сыту жыпIэмэ, абы я гъэсэныгъэм мыр хэлъхьэныгъэ хузэхунущ, - мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ пшыхьыр къызэIуихащ Тэрч районым и администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ **Семэн Пщыкъан**.

Семэныр къэпсэлъа нэужь фильмыр ягъэлъэгъуащ икIи абы теуха псалъэ гуапэ куэди жаIащ.

- Къанкъуэщ Ахьмэдхъан къикIуа зауэ гъуэгум теуха хъыбарэхэм, и щIыху щыкIэу щытам республикэм щыпсэухэр щыгъуазащ. И лЫхъужьыгъэм щыхьэт техъуащ нобэ дызэплъа фильмри. Къанкъуэщыр фIыуэ къалъэгъуат абы и гъусэу зауэм Iутахэмри, ар лЫхъужьыгъэкIэ яцIыхурт и къуажэгъуэмри. «Тхъэм фигъэпсэу!» вжызоIэ абы елэжьахэм. Фыузыншэну, фи лэжьыгъэм пщIэ иIэну! - жиIащ ардыным и Ветеранэм я советым и унафэщI **Iэщыжь Владимир**.

Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеран, гъэпсыпIэм иса **Казиев Николай** щIалэгъуалэр къыхуриджащ лЫхъужьыр ягу иIыну.

- Къэхьлъыхэтэхеуэ хахуэм и псэр итыху щIэзэуащ мамыр гъащIэм, щIэзэуащ щIэблэр хьэуа къабзэкIэ хуиту бэуэным. Къанкъуэщым и лЫхъужьыгъэр щапхъэу щIэблэм я гупэкIэ къитын хуейщ. АбыкIэ жэуап дохь нэхъыжьхэм, - жиIащ абы.

- Сэ сыщыгъуазэщ мы фильмыр щытрахым абы псэ хуабагъэу хальхьам, ар хьэзыр хъуху жэщмахуэ ямыIэу зэрелэжьам, - жиIащ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Шаваевэ Разият**. - ФIыщIэ ин фхузощI игъащIэкIэ щхьэпэну фи лэжьыгъэм папщIэ.

- Арипарэ Динэрэ лэжьыгъэшхуэ ирахьэлIащ мы фильмым. КъБР-м и лЪхэхкуэтэ музейм и архивыр, Тэрч щIыналъэм и архивыр, Къанкъуэщхэ я лъэпкъым я унагъуэ архивыр, Маркий-Эл республикэм и архивыр яджащ, хэплъащ, къагъэсэбэпащ. ИкIи лЫхъужьыгъэкIэ гъэнщIа фильмыр трахащ, - къыхиутащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» телевизионнэ каналым и унафэщI **Конаревэ Наталье**.

Абы и псалъэхэр диIыгъащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IэхъуэхэмкIэ и министерствэм и лЫкIуэ **Ахаевэ Ларисэ**.

- Псом хуэмыдэу си гуапэщ щIалэгъуалэр мы пшыхьым куэду къызэрекIуэлIар, абыхэм мы лэжьыгъэр зэралъэгъуар, - жиIащ абы.

Пшыхьым хэтахэм, фильмым еплъу абы теухуауэ зи гупсысэ жызыIахэм фIыщIэ хуащIащ ар зи IэдакъэщэкIэхэу **Сабанчиевэ Арипарэ Абыдэ Динэрэ**.

- НэхъыжьыкIфIхэм, Тэрч районым и администрацэм, Къанкъуэщэ я лъэпкъым, щIалэгъуалэм фIыщIэ фхузощI фильмым нобэ къыхуэфащIа гулъытэм папщIэ, - жиIащ Арипа. Абы къыхиутащащ фильмыр Сочэ щекIуэкIыну дунейпсо кинофестивалым хагъэтыну зэрыхуейм теухуауэ къызэрепсэлъахэри. Дэнэ жиIащ Тэрч щIыналъэм къуэпскIи, гурэ псэкIи зэрыщыщар, фильмыр абы ямэу зэрыщыгъэпIэгъуар зэригуапэр.

Утыкум кърагъэблагъащ Къанкъуэщ Ахьмэдхъан и унэ жьэгур зымыгъэжьых **Къанкъуэщ Зинаидэрэ** Ахьмэдхъан и Iыхьлы **Хъурсин Аслъэнрэ**.

- Нобэ гуапэу дигу къэдгъэкIыжащ Ахьмэдхъан. ДигъэпIейуэ, ди нэпс къекIуэу деплъащ фильмым. Къанкъуэщ Ахьмэдхъан и лЫхъужьыгъэр лъэпкъым и щIэблэм щапхъэ яхурирехъу! Тхьэм фигъэпсэу мы фильмым елэжьахэр, - жиIащ Зинаидэ.

ЕджакIуэ цIыкIухэм пшыхьым щыжаIащ зауэм теухуа уэрэдхэр. лЫхъужьым хуэзэхилъха усэм къеджащ Къанкъуэщэ я пхъурыпхъу Къер Маринэ.

НАФIЭДЗ Мухьэмэд.

Бзэр мылъхущ, ауэ ар дызытегужьеикI мылъкум хиубыдакъым. Ахъшэр Iэмалыншэу дыхуейуэ къыдолъытэри, хэкIыпIэ долъытхуэ нэхъыбэу къэдгъэжьыну, къэдгъэжьар дгъэбгъэуэну. Зы цIыхум и ахъшэр къыздыхуэзэм щигъэтIылъынукъым, хамэм и нэ къызыдытемыхуэн, хамэIэ щемыIэбын. Ахъшэ зыгъэгъуэр щигъэбыдэнуц. ЗыгуэркIэ хагъэкIыжми, хабзэхъумэхэм екIуэлIэнуц, къаригъэгъуэтыжынуц, зыхуэфащэр игъэпшынэнуц. Бзэм апхуэдэу дыхуэсакъыу, дытегуэзэвыхьу, тхъумэу, дгъэбагъуэу хэт жиIэфын? МэкIуэдри гъуэгу тетщ, ауэ сыт пэдгъэувэрэ, дауэ къедгъэлэрэ?

ЩЫТЫКIЭ шынагъуэм итщ ди анэдэлъхубзэр, ауэ и Iуэхур абы щIынэсари, нэхъри екIэкIуэнкIэ хъуну Iэнатlэ щIыпутри зи лажьэр зи бзэр Iэпэдгъэзэлэл зыщIыжа дэращ.

Дэтхэнэ лъэпкъми гуаэзэу яIэр щIэныгъэфI, Iэщlагъэфl зэзыгъэгъуэтахэращ. Апхуэдэхэм езыхэми къызэрыкIуэу зыкъалъытэж, зыхащIэ нэхъыбэм езыгъэфIэкI зэхэщIыкIрэ зэфIэкIрэ яIэ зэрыхъуар. А зыхэщIэныгъэм къыхэкIын хуейр пагагъэкъым, атIэ пщэрыльэ. А пщэрыльым хеубыдэ щIэныгъэ нэгъэса зиIэ цIыхум езым хуэмыдэ адрей псоми хъумакIуэ, щыжакIуэ, кьеГъалакIуэ яхуэхъуныр. Зи гугъу сщIыр лъэпкъ интеллигенцэращ. Аракъэ лъэпкъыбзэм и щыIэныкъ, хъумэным, зиужьным мыхьэнэуэ иIэр зыхуэдизыр нэгъэсауэ къызыгурыIуэн хуейр? Лъэпкъымрэ лъэпкъ хабзэмрэ бзэм и гъусэу псэуну е зэдзэкIуэдыжыну зэрыарар нэхъыфIу къызыгурыIуэр нэхъыбэ зыджа, зи гупсысэкIэм зиужьараклъэ? Зи пщэрыльэ нэхъыбэрэ ардыдэхэращ. Щэху хэлъхьам «лъэпкъ цIыхущ» зыбгъэдыдэжыну зэрыарар нэхъыфIу къ

Зыгъэхьэзырар **щIхьэщэмыщI Изэщ**

● Хъыбар гуапэ

Адыгэ бзылъхугъэмрэ Парижрэ

Адыгэ Республикэм, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ, СССР-м, Урысеймрэ, АР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, «Хэку и я пащхьэм щIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и II, III, IV нагъыщэхэр, «Лъэпкъхэм я Зэныбжьэгъугъэ» орденыр зрата, «Урысей Федерацэм и Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр зыхуагъэфэща Мэшбащ Iисхьэкъ и «Айшэт» («Аиссе») роман цIэрыIуэр, франджы эпистолярнэ жанрым классик щыхъуа адыгэ бзылъхугъэм теухуар, и лъабжьэу дакъикъэ 90 хъу художественэ фильм трахыну загъэхьэзыр.

А IУЭХУМ теухуауэ иджыблагъэ Москва щызэIущIащ Мэшбащ Iисхьэкъ УФ-м гъэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIэ, режиссёр цIэрыIуэ Муратов Александрэ. Ахэр лэжьыгъэр зэрекIуэкIынымкIэ тепсэлъыхьащ, апхуэдэуи «Iпэ канал» урысей телекомпаниием фильмыр къагъэлъэгъуэну гурыIуащ. КъищынэмыщIауэ, ар «Европэм хуэзIуха щхьэгъубжэ» дунейпсо фестивалым и утыку кърахьэнущ. Сценарийр етх Мейкъуапэ щыщ Ведякин Сергей. Фильмым зэкIэ «Черкешенка в Париже» фIэщыгъэр иратащ.

Абы щекIуэкIыну Iуэхугъуэхэм я нэхъыбэр Франджым щытрахынущ, адыгэ артисту 2 щыджэгунущ: Аиссе и ролыр зыгъэзэщIэнымрэ зы щIалэрэ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

● Фэ фщIэрэ?

Бжыхьэ удз гъэгъахэр

Астрэ

Георгинэ

Куэд мэхъу бжыхьэм къэгъагъэ удэхэр. ПщIащэ пылъэлъэужьыгъуэ зэманым ахэр щхъуэкIэплъыкIэщ, дунейм гъатхафэ къытрагъауэ. Апхуэдэ удэхэм ящыщу ди щIынальэм щыпсэу цIыхухэм нэхъ я нэIуасэщ икIи ягъэкI роззэр, астрэр, хризантемэр, георгинэр.

ДАХЭ дыдэщ **роззэр**. Ар хьэцыбанэм къытепщIыкIащ. Хужьу, плъыжьу, гъуэжьу, нэгуэщI плъыфэ Iэджэу зэхэлъу мэгъагъэ. Японием щагъэкI фэзэхъуэкI роззэр. Абы къепхьажьащ, махуэм дэп жьэражьэщ, пщыхьэщхьэпэм, уэсым хуэдэу, хужьыбзэщ. «Удзхэм я гуащэ» хужаIэ абы.

«**Астра**» псалъэр алыджыбзэщ, «вагъуэ» мыхьэнэ иIэщ. Алыджхэм астрэм и цIэр уэгум ижа вагъуэм ирапх. А удзым и тхьэмпэ зэкIэщIэпхъахэр, вагъуэ нэбзийхэм ещхьу, лъэныкъуэ псомкIи зэкIэщIокI. Астрэ лъэпкъыгъуэу щыIэр миниплым ноблагъэ. И теплъэкIэ ахэр егуэш хужьу, гъуэжь-сырыкуфэу, къащхъуэу, щIыху-плъыжьыбрэу. Пасэу хасэ астрэхэр махуэ плIыщIкIэ, кIасэхэр махуэ ищIрэ тхум нэблагъэкIэ мэгъагъэ.

Хризантемэ удзыр щIыIэм щыщынэркъым. Уэс кьесыхукIэ мэгъагъэ. Китайм щапсэухэм жаIэ хризантемэр дыгъэ нэбзийхэм къагъэщIауэ. Японием и къэрал дамыгъэр «хризантемэ дыщафэщ». Мы къэралым щыпсэухэр илъэс къэс бжыхьэпэ мазэм и бгъум зэхохьэ, хризантемэм и гуфIэгъуэ махуэр ягъэлъапIэу.

Георгинэм и бийщ щIыIэр. Ар зэрыгъагъэр япэу щIыр щтыхущ. Мыр Америкэм кIыкIа удзщ, абы и лъэпкыгъуэр минийм щIегъу.

МЭЛЕЙ ФатIимэ.

Розэ


Хризантемэ

● ГушыIэхэр

Дзэ дохутырым и сурэт

Дзэ уз нэхъ Iей щIыз?! Зи дзэ мыузам ар сыткIэ къыгурыбгъэIуэн?! Ауэ Мухьэжид нэхърэ нэхъыфIу ар къызыгурыIуэ къуажэм дэсу къыщIэкIынутэкIым. Мухьэжид и дзэр узырейт. Жащ-махуэ иIэтэкъым, зэуэзэпсэу къыхуэIащэрт. ЩIымахуэу псым зыхидзауэ жаIэж абы, и щхьэр дзэ узым щIригъэхьэу. Сыт иримыщIэми, увыIэртэкъым, ауэ дохутырым и деж зэрынэсу и дзэ узыр хэкIыжьырт.

Зы махуэ гуэрым я гъунэгъу Хьэжбарэ зэкIэкIэри, Мухьэжид сурэт гуэр къыхуишящ: «Мэ, мыр дзэ дохутырым и сурэтщ. Уи гуфIакIэм дэлъхьи, къыздехьэкI», - жиIэри.

Зэромызэгъыр плъагъуркъэ?

ШейтIаныр къэкIуэкIуэ щыIаущ хьэмкIэ къыздыблэкIыжьмэ, маплъэри, зы щIалэжь, сын гуэрым ешхIарэ и нэпсыр къеплъэлъэхыу елъагъу. Ар игъэшынэн мурад иIэу бгъэдохьэри, зы тутын иригъэфэну йолъэIу. АрщхьэкIэ, щIалэжьым, бгъэдыхьэ шейтIаныр кьримыдзэххэу, и жып кьрехри, тутын къыхуеуий. ШейтIаныр абы иризэгуп, и Iэпкълъапкъым щыщ Iыхьэ гуэр гуегъэхури, аргуэру бгъэдохьэ, тутын къызэт жеIэри. Кьрет - икIи кьридзэркъым.

Апхуэдизу зыбжанэрэ тригъэзащ, ауэ щIалэр хуэгъэшынакъым. И Iэпкълъапкъым щыщ кIэригъэхуурэ и щхьэм фIэкIа къэмынэжауэ щыбгъэдыхьэм, щIалэжьыр шейтIаным къыщIэгубжьащ:

- Уа, сэ мы тутынрэ сыщIэхьэрэ, ауэ зэромызэгъыр плъагъуркъэ?..

ДУМЭН Мурадин.

Дзэзешэ цIэрыIуэ, Урысейм и Правительствэм и УнафэщI Черкасский Яков

Генералиссимус Черкасский Михаил

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

КIэртIоф гъэва гъздижа, кхъуэл хьэлъу

КIэртIоф гъэвам и псыр щIагъэжри, ягъэупщIыIу. И фэр трахри, зэпэллIимэ цIыкIуурэ яупщIатэ г 8 - 10 я хьэлъагъуэрэ. Ар дзэжу хьэхъущыкъуи иралъхьэ, кхъуей гъэщIагъар абы халъхьэ, шыгъу зыхэлъ бжьыныхуэ уба, шыбжий сыр хьэжа, шатэ щIакIэри, хуэсакъыурэ зэIащIэ, щхьэтепIэр трапIэри, дакъикъи 8 - 10 хуэдизкIэ щIыIапIэм ягъэув, нэхъ диин икIи нэхъ зэхэшыпсыхьэн щхьэкIэ. Iэнэм щытрагъэувэкIэ пIинэ къищIу тепщэн цIыкIум иралъхьэ. Абы бжьын цIынэ зэпыгъэлъэлъа трагъэщэщэж. ПIастэ щIыIэ, чыржьын, хьэпIамэ, мэжаджэ, щIэхъуэ даших.

Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ): кIэртIоф гъэвауэ г - 100, кхъуей плъыжьу - г 20, бжьын цIынэу - г 5, бжьыныху укъэбзауэ - г 10, шатэу - г 50, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

Ху чыржьн

Шыуаным ит шэ гъэпщтам хугу лъэсар хакIутэри, зэIащIэурэ, тхъурымбэри кьытрахьурэ зэ кьытрагъэкъуалъэ. МафIэр мащIэ ящI, шыгъу хадзэри, бэлагъкIэ япщурэ ягъавэ, мырамысэ Iувым хуэдэ хьуху. Шыуаныр пэшхьэкум кьытрах, тепщэч мыулъий куум иралъхьэри, тIэкIу ягъэупщIыIу. ИтIанэ абы халъхьэ джэдыкIэ уда, тхъуцIынэ гъэткIуа. А псори IэкIэ япщ, тхъэвым хуэдэу. Я Iэм дагъэ щахуэри, тхьэв пщам кьыгуачурэ чыржьн ящI. Адрей чыржьныр зэрагъажьэм хуэдэу ягъажьэ, лъэныкъуитIымкIи тхъуэпIэ хъуху.

Чыржьныр щэ щIыIэм хапIитIэри яшх, кхъуей, шатэ дашх.

Халъхьэхэр (цIыхуиплI Iыхьэ): хугуу - г 400, шэуэ - г 900, джэдыкIэу - 2, тхъуцIынэу - г 50, шыгъуу, тебэщIыхуэ тхъууэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьилъым къитхьжащ.

● Гу зылъытапхъэ

«Адыгэ анэм» и фэеплъ

Блокадэм и Ленинград къыдаша журт сабийхэр зи унагъуэхэм щызыпIа, Шэрджэс щIыналъэм щыщ Беслъэней жылэм дэсхэм я лIыхъужьыгъэр тхыдэм къыхэнэн папщIэ, Урысей Федерацэм щыпсэу адыгэхэм я лъэпкъ щэнхабзэ автономиеи и Советым къыхилъхьащ Санкт-Петербург къалэмрэ Израиль къэралыгъуэмрэ «Адыгэ анэм» и фэеплъэр щыхуагъэсыну.

IУЭХУ щхьэпэм и къызэгъэпэщакIуэ гупым хэтщ РАН-м и академик Щоджэн Iэсхьэд, УФ-м и Правительствэм и деж щыIэ Финанс университетым и ректор Есчындар Мухьэдин, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Израиль къэралыгъуэм и Кфар-Камэ жылэм дэт Адыгэ музейм и унафэщI Тхьэухьуэ Зухьейр, КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, кинорежиссёр, сценарист щIэрыIуэ Къэндур Мухьэдин (Индж ылъ), Санкт-Петербург дэт «Малая Охта» егъэджэныгъэ Iэхэущ Iапт эм и унафэщ ым и къуэдзэ Софенкэ Сергей, нэгуэщIхэри.

Фэеплъхэр щагъэувыну щIыпIэхэр яубзыхуащ. Лъжьыгъэр ящIынущ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Сэрэкуий Зыкъмидрэ окупытор Шорэ Олегрэ. Iэхэр зэфIагъэкIыну я мурадщ ТекIуэныгъэ Инир илъэс 75-рэ щIикIыну накъыгъэ мазэм ирихьэлIэу.

Мы зэманым лъжьыгъэм текIуэдэну мылъкур зэхуахьэс. АхъшэкIэ абыхэм защIэзыгъэкъуэну хуейкъым егъэзэх хъунущ Сбербанкым и картэм: **4279 6000 1009 8724** е мы хэщIапIэмкIэ:

Банк получателя Доп.офис №8585/019 ПАО Сбербанк
Кор\счет банка 30101810907020000615
БИК банка 040702615
Счет получателя 40817810060318578379
ФИО получателя Охтов Александр Джамурзович

Реквизиты банка для валютных переводов
SWIFT-code SABRRUMMSPI
Наименование банка Доп.офис №8585/019 ПАО Сбербанк
Место нахождения банка РФ, КЧР, Черкесск, пр. Ленина, 53
Счет получателя 40817810060318578379
ФИО получателя Охтов Александр Джамурзович

● Псалъэжьхэр

ПхуэмыщIэн зыкIэрумыщIэ

♦**Бжэным щынэ кIыльхуркъым.**
♦**Куэдым ущигугъуу, мащIэм зыхыумыгъэкIыж.**
♦**ПIахъшэу тIысыну хуейкъым, лъагэу тIысыпIэ игъэтыркъым.**
♦**Псэр ящэри, напэ къащэху.**
♦**ПхуэмыщIэн зыкIэрумыщIэ.**
♦**Си ныбэ изщ жыпIэу, гъуэмылэншэу уемыжьэ.**
♦**Уи жыIэ уи Iэхуэкъ гъэдахэ.**
♦**Уи щхьэ иумыпэсымкIэ нэгъуэщIым ухуэмыпупсэ.**
♦**УмыщIэм ущIэупщIэнэр емыкIукъым.**
♦**Мыгъуащэрэ щымыуэрэ щыIэкъым.**
♦**Насыпыр Iыхьэ мыгъэшщ.**
♦**Нащэр мыхъунумэ, кIэрэф мэхъу.**
♦**ПсэзиIэм уахъты иIэщ.**
♦**Псыр гъужми, жапIэр къонэ.**
♦**ПщIалъэ, гъдыхьэ щынщ.**
♦**Унэ зимыIэ бей щыIэкъым.**
♦**Уи насып зыхэлъыр, хым хэлъми, кхыхэкIынщ.**

● Тхыгъэ кIэщIхэр

Сыту мыхьэнэшхуэ иIэ япэ ита уиIэным!

Узэрыт зэманым ущытхъун щхьэкIэ, блэкIам утемыхъущIыхь. ЗэгъащIэ: узэрытри блэкIынущ.

* * *

«Фыгъуэнэдым уэ езым зыщыхъумэ, адрейхэм сэ уащысхъумэнщ», - жиIащ Алыхьым.

* * *

«Тетыгъуэр зей» щIыжаIэр абы текIыжыгъуи иIэщи аращ.

* * *

И чэзум жыIа хъуа псалъэ шэрыуэр атомым хуэбгъадэ хъунущ - абы щыззхэхьэсащ икъуэкIэ къаруушхуэ.

* * *

ЦIыху плъэкIэр Iэджэу зэщхьэщокI: ар елъытащ абы и хьэл-щэным, и щытыкIэм. Сэ сыхуэзэуэ щытащ щIалэ гуэр. Ар апхуэдизкIэ щхьэхынэу къоплъырти, игукIэ зыхуэтхьэусыхэжу къыпфIощIырт: «Сыт иджы мыри бэлыхьу къыщIистрильхьар сеплъын хуейуэ?!» Кьыззэроплъ къудейр къехьэлъэкIырт.

* * *

Хорым уи макъ къыхэбгъэщ хъунукъым, умысолисту щытмэ. Кьыхэзыгъэщым хуагъэгъуркъым.

* * *

- Уэ иджыри уи гур щIалэ хуэдэщ. Ауэ щыIыхьэ, умыгузавэ: уи гур щIалэхуэкIэ жьы ухъуркъым, - жесIат зымахуэ зыгуэрми, ней-нейуэ кьыззэплъри жиIащ:

- Ауэ сытми ухъурэ! Уи гур щIалэрэ «мор щIэ, мыр лэжь» жиIэу укъриухуэкIыу, ауэ уэ, уеIэ зритми, зыри пхуэзфIэмыкIыжмэ, аракъэ жьы хъуа жьыхуаIэжыр?!

* * *

Гъуэгуанэр гугъуу щытамэ, Iэмал имыIэу уигу къокIыж абы и щIэдзапIэр зыхуэдар, арщхьэкIэ сыт и сэбэныкъ - пкIун пкIуащ. Апхуэдэщ гъащIэри. Сыт и мыхьэнэж жьы ухъуауэ абы уегупсысжкIэ? Зыри пхуэщIэжьынукъым. Сыт хуэдэу щымытами, упсэуащи, Тхьэм фIыщIэ хуэщI. Егупсыс: сыт хуэдизыпсэ кIуэдыжа дунейм тетыну къалъымысауэ?!

* * *

- Уа, уегупсысжмэ, дыщищIалэгъуэм сыту щыиуагъэ куэдрэ делагъэ куэдрэ длэжьа! – жиIат зыми, адрейм идакъым:

- А делагъэхэмрэ щыуагъэхэмрэщ дэ гукъэкIыж нэхъыфIу иджы кьытхуэнэжар. Аджыдэ мыгъуэ, иджыри схуэлэжьыну щытащIэрэт апхуэдэ зыгуэрхэр? Аракъэ щыIаIэр «УщIалэху уоделэри, уделэху уотхъэ», - жаIэу.

* * *

СощIэж, мыбдежыр зэгуэрым гуэлышхуэу щытащ, гъэмахуэ псом дыгъэжьу зыщыдгъэпскIыу. Иджы мыбыкIэ сыбгъэкIыху, кьыскфIощI псы итыпIэм зэгуэр гуэлу щыщыта зэманыр иГу къэкIажу икIи псы из хъужьынымэ пэплъэу...

* * *

«Сыт апэ уэсыр апхуэдэу «хахуэу», тегушхуауэ кьыщIесыфыр? Кьыпэплъэр имыщIэ пэтми, сыт апхуэдизу щIэщхьэмыгъаазэр?» - япэ уэсыр къызэресым сеплъурэ апхуэдэу сыздэгупсысэм, сигу кьэкIащ: «Дауи, ар къызыкъуэгушхуэкIыр илъэс мелуан Iэджэ лъандэрэ щIымахуэ кьэс кьесу еса уэсым игъэтэ опытырщ, Япэ итахэм я опытырщ. Сыту мыхьэнэшхуэ иIэ япэ ита уиIэным!»

* * *

Зымахуэ, март мазэм щIидза къудейуэ, унэм сыщIэсу къызэхьзох гъатхэм япэ дыдэу кьежьэж бзу цIыкIуэм ящыщ «тIыс-дадэкIэ» дызэдэжм хуабжьу и гур хуитхьэщIыкIауэ, щIэщыгъуэ дыдэу игъэIу и уэрэд цIыкIур: «ТIыс-дадэ?ТIыс-дадэ! ТIыс-дадэ!» Абы седаIуэрэ жьзоIэ: «ТхьэмгъатхэкIэ гугъурлы тхуищI!» Си щхьэр согъазэри, щхьэгъубжэм сыдоплъ - уэс кьесырт, кьрипхъыхырт шыцуэс. Сыту гъэщIэгъуэн мы дунейр: бзу цIыкIур гъатхэм хуогуфIэ, хуоусэ, ауэ щIымахуэм зитыну и мурадкъым, ищIэрэкъым и чэзур зэрикIар...

* * *

«Ди Iэуху дигъэкIынщ», - жаIэри хьэндыркъуакъуэхэм я зы ныбжьэгъу унафэщIу хахат.

Куэд мыщIэу хьэндыркъуакъуэхэм абы и унафэ къаIэрыхьащ: «Ди щэдыр икIэщIыпIэкIэ зы ткIуэпс къимынэу игъэгъущыкIынэ хуейщ».

* * *

И щIалэгъуар игу кьышщIэкIыжкIэ, уадэм зигъэщIагъуэу жеIэ: «Уэлэхьи, сэри гъущI Iунэ мащIэ хэзмыкIа!»

* * *

Зымахуэ хуаужэм зыкIуэжауэ ди благъэ фыз гуэрым сыхуэзат. Сэлам зэтхри, и лIым сыщIэупщIащ: «Даущ щыт Мурат?» «ТхьэхъарзынэщI, - жи. - Бензинсмен хъуащи, якекIуалIэ иIэжкъым».

КъызэрыщIэкIамкIэ, бензоколонкэ къызэIуихуаэ арат.

* * *

СызыблэкI куэбжэм кIэрыIуплъ пхъэбгъу щыкIум тетт: «Фысакъ! ПщIантIэм хьэ бзаджэ дэтщ!»

Сэрейм сыщIэзэрыплъэрэ пщIантIэм сыдэплъэмэ, къызолъагъу щляпэ фIыщIэ, и къуащIэхэр къуагъэ лIа дамэу къелэлэхьу, зыщхьэрыгъэ лIышхэу. Абы, пэж дыдэу, хуабжьу бзаджэщ.

* * *

Махуэм, хъыджэбз зи ишэгъуэу, зыкърихьрт. Сэ парким сит ся гъэкIуэну. ЦIыхухэр уэрщэрурэ блэкIырт. Абдеж къызэхызох хъыджэбз дыхьэшх макъ. Ар уафэхъуэпскIыу си Iэпкъльэпкъ псом ирожэ. А макъыр къызэдиIукIамкIэ псынщIэу соплъэри, къызолъагъу щIалэ лъагэ гуэрым щыIэгъуэ блэкI хъыджэбзыр. Соплъ абы си нэр тенауэ. Хьэуэ, сцIыхуркъым ар, иджыпсту фIэкIаи игъащIэм слъагъуакъым. Ауэ и дыхьэшх макъыр Iэджэрэ зэхэсхащ – апхуэдэ дыдэут зэрыдыхьэшхыр си щIалэгъуэм фIыуэ слъагъуу щыта зы хъыджэбз цIыкIу гуэр...

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

Псалъэзэблэдз



ЕкIуэкIыу: **5**. Псы ежэхым и адрей лъэныкъуэр. **6**. «Щауэ ...» - Къардэнгъущ Зырамыку, ПащIэ Iенэ икIи нэгуэщIхэм ягъэзащIэ адыгэ уэрэдыжь. **7**. Зауэм щыагъэщIа бийм и мыпхуу, и Iэщэ-фащэу текIуэхэм къэIущIыхьар. **8**. ЩэкI Iуэ пхъашэ. **10**. ... техьэ тенэркъым. **12**. Зыгуэрым и зэхуэдитI. **14**. Лъэс гъуэгу цIыкIу. **17**. А псэущхьэм и щIэжьейм зы жэщ-махуэм шэ литр 200 иреф. **18**. Джэдкъаз. **19**. Мывэ блын задэу дэкIуей бгы. **22**. ЦIыхум зэрелэзэ зыхэпщхупщ, хьэмбылум ещхьу. **25**. ЩIалэ щIыкIу еIуящIэхэм щыху зекIуапIэм ... къутахуэ трахкъхьащ. **26**. Пщащэ тхъэIухудым щIалэщIэхэр ... къищIащ. **28**. Дзэ къулыкъум дэкI и къуэрылъхум дадэр йоущие: «ЛIы хуэдэлIу щыт, ... жегъэIэ!» **29**. ЕмыкIуэлъэмыкIыу. **31**. ГъавэI хуэдэу щащIэ щыпIэшхуэ. **32**. Профсоюз лэжьакIуэ, уэрэджыIакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткъ. **33**. ЩтаучкIэ ягъауэ пасэрей фоч. **36**. Купкъ зэрылъ пхъэщхьэмыщхьэ. **38**. Езыр-езыру къыщIэж псы. **39**. Нанэм бжьын ... зыкъом ищIри, бззэрым ихьащ, ищэну.

Къехьу: **1**. Iэпкъльэпкъ зэкIуж зиIэ щIалэ бжьыфIэ. **2**. ПIы ефам и ... макъым фызыр ихэу щыжу игъэжянкъым. **3**. Район, псыежэх, кьалэ. **4**. Мынэхъыжь икIи мынэхьыщIэ. **7**. Узыдэмыхьэ ... лы дэзщ. **9**. Макъамэм хуэщIа Iэмэпсымэ. **10**. Дыгъужьым и унэ. **11**. Жыг къэтIэпIам и нэщэнэ. **13**. КьыщокIыу Алим и роман «Нал ...» **15**. Пасэрей зауэлI джанэ, гъущI хъаркIэ зэIущауэ. **16**. Къэлэрым зэреджэ нэгъуэщIыщIэ. **20**. ... джэлам ущIэмынакIэ. **21**. Ушэх кьемышхуэ зэман кIыхь щыдих лъэхъэнэ. **23**. ЩIыщIыIэм, щыэлбанэм щIыхуэхъуэм ар я щхьэм фIагъэхуэу, я пщэм къразыкIыу щытащ. **24**. Колхоз тхьэмадзу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь. **26**. ... и губжьыр къэум щекIэ. **27**. ХадзэжкI. **30**. Адыгэ таурыхъэм зэрыхэтымкIэ, цIыхубз баджэ. **31**. Iэщ пIащэ: къэгубжьауэ зыпэщIумыгъахуэмэ нэхъыфIщ. **34**. Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэм и дахагъэр ... зимыIэ хъугъуэфIыгъэщ. **35**. Ди къэралым щыIэ псыежэхэм я нэхъ кIыхь дыдэр. **36**. Адыгэ композитор Iэзэу щыта. **37**. МафIэс ин.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

ФокIадэм и 7-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1**. Бу. **5**. Ду. **7**. Щхьэхынэ. **8**. Дадэ. **9**. Къру. **10**. Саущ. **13**. Щуэхъ. **14**. Журт. **17**. Жыр. **18**. Выбжьэ. **19**. Щыщ. **21**. Нып. **23**. Хьэпс. **25**. Мэкъу. **27**. ЖьакIуэ. **28**. Анэл. **31**. Уэшх. **33**. Шэд. **34**. Берд. **35**. Мыдрисэ. **36**. Вы. **37**. Кхъужь.

Къехьу: **1**. Бжьэдыгъу. **2**. Iуцхьэ. **3**. ШIхара. **4**. Хьэпс. **6**. Уэрдыхъу. **11**. Тхьэв. **12**. Дуфэ. **13**. Шыр. **15**. Тощ. **16**. Абрэдж. **17**. Жин. **20**. Щыкъу. **22**. Пыжь. **23**. ЩакIуэ. **24**. Сонэ. **25**. Мэл. **26**. Хрущёв. **29**. ШэдыбжьI. **30**. Хьэкъурт. **32**. Хамэ. **34**. Бжэгъу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтэр:

ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и игъэ къуэдзэ), **Жылаев Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэныдж Замирэ, Тэрим Марианнэ, ЩIхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-40-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IэхъуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Iэхъущ IапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; узышнагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэнымкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэнысымкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщалэта Iуэхутыгъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэхэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъ щ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэ щIэ 19-м Печатным и хутыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкIыгуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхьу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Мэлбахъуэ Анжелэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.083 ●Заказ №828